



**CATHOLIC
MIGRATION
SERVICES**

Brooklyn Office
191 Joralemon Street, 4th Fl.
Brooklyn, NY 11201
(718) 236-3000

Queens Office
47-01 Queens Boulevard, Ste. 203
Sunnyside, NY 11104
(347) 472-3500

Dènnye anons soti nan Catholic Migration Services ki gen pou wè ak TPS pou El Salvador, Haiti (Ayiti), Nicaragua ak Sudan

12 Novanm 2018

Dènnye Anons sou Pwogram TPS:

3 Oktòb 2018 yon tribinal bloke tanporèman Gouvènman Etazini pou li pa fèmen TPS pou kat peyi : El Salvador, Haiti (Ayiti), Nicaragua ak Sudan. Desizyon sa vle di ke, pou kounye a moun ki soti nan peyi sa yo e gen TPS ka rete legalman nan Etazini. Se yon desizyon tanporè, li pa pèmanan, sa vle di li kapab chanje nenpòt kilè. Desizyon sa pa chanje fèmen TPS pou Ginen, Liberia, Honduras, Nepal ou byen Sierra Leone.

Kisa anons sa vle di pou moun ki gen TPS:

Depi Janvye 2018 yo kanpe TPS pou 7 peyi: Ginen, Liberia, Sierra Leone, Sudan, Nicaragua, Haiti (Ayiti) ak El Salvador. Lòd tribinal California a kanpe gouvènman an nan depòte imigran pwoteje ki soti peyi Sudan, Nicaragua, Haiti (Ayiti) ak El Salvador pandan ka ap kontinye.

Jij la bare gouvènman an pou fèmen TPS pou kat peyi sa yo jous batay nan tribinal fini.

Desizyon sa pa pèmèt moun peyi sa yo ki pat aplike pou TPS anvan sa pou yo aplike pou TPS kounye a.

31 Oktòb 2018 Depatman Sekirite Teritwa-an declare piblikman moun Nicaragua ak Sudan ki te gen TPS ki te re-anrejistre nan dènnye peryòd re-anrejistre pou peyi sa yo resevwa pwolongasyon otomatik TPS jis **2 Avril 2019**.

Moun Nicaragua ak Sudan ki te gen TPS ke yo te fin apwouve ka yo e ki gen Dokiman Otorizasyon Travay ki ta gen pou fini va resevwa ekstansyon otomatik otorizasyon travay jous **2 Avril 2019**.

Ekstansyon otomatik dokiman otorizasyon travay aplike pou moun ki gen TPS e ka yo te deja apwouve pa “United States Citizenship and Immigration Services(USCIS)” [Imigrasyon] ni pou moun ki gen TPS men yo poko fin decide sou aplikasyon yo,

Plis lenfòmasyon sou TPS pou Haiti(Ayiti) ak El Salvador va soti si ka nan tribinal kontinye depase dat TPS te sipoze fini pou Haiti (Ayiti) (22 Jiyè 2019) ak El Salvador (9 Septanm 2019)

Biwo Sèvis Katolik Imigrasyon mande nenpòt moun ki te resevwa TPS pou Ginen, Liberia, Nepal ou Sierra Leone rele e fikse randevou pou konsiltasyon legal gratis.

Kisa ki rive apre sa:

Ka nan tribinal ap kontinye, epi yon lè va gen desizyon tribinal ou byen yon akò ki detèmine si yo kapab fèmen TPS, ak nan ka sa, sikonstans pou fèmen-l. Jis lè sa, gouvènman Etazini pa ka fèmen TPS pou El Salvador, Haiti(Ayiti), Nicaragua ak Sudan.

Kijan pou Kontakte Nou pou Konsèy Legal Gratis:

Si ou gen TPS pou Ginen, Liberia, Nepal ou Sierra Leone epi ou gen kesyon ou sousi, tanpri rele « Catholic Migration Services » nan Brooklyn nan (718) 236-3000 ou nan Queens nan (347) 472-3500 pou konsèy legal gratis kijan desizyon tribinal sa ka fè efè sou w. Lè biwo nou se Lendi jous Vandredi 9 è maten pou 5 è apre-midi. Pou plis lenfòmasyon, vizite sit entènèt nou nan www.catholicmigration.org ak swiv nou nan medya sosyal nan Facebook, Twitter, ak Instagram @CMSBQ.

Ou ka jwenn konsèy legal gratis tou nan rele 311 e mande pou « Action NYC ».

###